

15 Oktòb 2024

Chè pasyan

Mèsi paske ou chwazi University of Vermont Health Network pou swen ou. Nou vle asire w ke ou ka kontinye resevwa swen kalite siperyè ou abitye atann nan men nou an lè nou ba ou enfòmasyon sou opsyon yo pou asirans ou a.

Apati 1ye janvye 2025, pasyan ki gen asirans sante ki konsidere lopital ak founisè UVM Health Network kòm moun ki pa nan rezo a pral sibi yon pwosesis revizyon anvan yo ka pran yon randevou. Pwosesis revizyon sa a ka lakòz pasyan yo oblije:

- peye lajan w lè w ap resevwa sèvis la; ak/oswa
- kowòdone apwobasyon an avèk konpayi asirans pasyan an.

Pou ka aprann plis, vizite uvmhealth.org/coverageFAQ.

Pou moun ki kalifye pou Medicare, kounye a se moman pou chwazi yon plan asirans Medicare pou 2025. Nou konprann ke chwazi yon plan swen sante se youn nan desizyon ki pi enpòtan ou pral pran pandan tout ane a.

Pandan w ap fè rechèch sou opsyon yo pou asirans sante ou a, nou mande w pou w asire w ke UVM Health Network la nan rezo ak plan asirans ou chwazi a.

Nou fè efò pou nou travay an kolaborasyon avèk konpayi asirans nan rejyon nou an pou pasyan nou yo ka gen plis chwa nan plan asirans sante. Sepandan, gen kèk plan ki pa enkli lopital oswa founisè UVM Health Network nan rezo yo a. Nan ka sa yo, menm si ou gen yon benefis "ki pa nan rezo a", nou ka pa resevwa tout konpansasyon pou tout sèvis nou bay yo.

Si ou se yon pasyan ki afekte pa anons ke yo pap ofri UVM Health Advantage (ofri atravè MVP Healthcare) ankò nan Vermont, nou regrèt pou nenpòt deranjman. Nou onore ke ou te fè nou konfyans pou swen ou epi nou espere ou pral kontinye rete nan kominote UVM Health Network nou an atravè yon plan asirans nan rezo a. UVM Health Advantage toujou disponib nan sèten konte nan nò New York epi lopital ak founisè UVM Health Network aksepte li.

Nou aksepte Medicare orijinal la (pati A ak B). Si ou chwazi yon plan Medicare Advantage oswa yon asirans prive, tanpri kontakte founisè asirans ou a pou konfime si w ap resevwa pwoteksyon nan rezo a pou UVM Health Network.

Pou w eksplòre opsyon plan sante w yo, resous sa yo ka itil ou:

- **Medicare.gov**
- Mache asirans sante leta yo:
 - **Vermont Health Connect**, info.healthconnect.vermont.gov, 1-800-250-8427
 - **New York State of Health**, nystateofhealth.ny.gov, 1-855-355-5777

Kounye a, UVM Health Network aksepte plan Medicare Advantage sa yo. Tanpri sonje ke konpayi asirans sa yo ka gen sèten plan ki pa enkli lopital ak founisè UVM Health Network yo (pa egzanp, WellCare) oswa ki pa kouvri tout sèvis UVM Health Network ofri (pa egzanp, sante mantal). Li pi bon

pou konfime pwoteksyon an ak konpayi asirans ou anvan ou chwazi yon plan Medicare Advantage oswa pran yon randevou.

Asirans	Aksepte nan Lopital ak Founisè Rezo Sante UVM sa yo:
Aetna	Aksepte nan tout lopital ak founisè UVM Health Network yo
CDPHP / CDPHN	Aksepte nan tout lopital ak founisè UVM Health Network yo
Empire BlueCross BlueShield (Anthem)	Aksepte nan Lopital ak founisè swen sante Champlain Valley Physicians, Lopital Kominotè Elizabethtown ak founisè swen sante (pasyan Anthem yo ka gen aksè nan rezo a ak lòt lopital ak founisè swen sante UVM Health Network atravè rezo National BlueCross BlueShield)
Excellus BlueCross BlueShield	Aksepte nan Alice Hyde Medical Center ak founisè yo, Champlain Valley Physicians Hospital ak founisè yo, Elizabethtown Community Hospital ak founisè yo, UVM Medical Center ak founisè yo (Pasyan Excellus yo ka gen aksè nan rezo a ak lòt lopital ak founisè UVM Health Network atravè rezo National BlueCross BlueShield yo)
Fidelis*	Aksepte nan Alice Hyde Medical Center ak founisè yo, Champlain Valley Physicians Hospital ak founisè yo, Elizabethtown Community Hospital ak founisè yo, UVM Medical Center ak founisè yo
Humana / Choice Care	Aksepte nan Alice Hyde Medical Center ak founisè yo, Champlain Valley Physicians Hospital ak founisè yo, Elizabethtown Community Hospital ak founisè yo
MVP / UVM Health Advantage**	Aksepte nan tout lopital ak founisè UVM Health Network yo
United Healthcare	Aksepte nan tout lopital ak founisè UVM Health Network yo
Vermont Blue Advantage (VBA) (BlueCross BlueShield VT)	Aksepte nan Sant Medikal Central Vermont ak founisè yo, Sant Medikal Porter ak founisè yo, Sant Medikal UVM ak founisè yo (pasyan VBA yo ka gen aksè nan rezo a ak lòt lopital ak founisè Rezo Sante UVM atravè rezo National BlueCross BlueShield yo)

* Plan Fidelis Medicare Advantage yo make nòmmanm kòm "WellCare by Fidelis", ki nan rezo ak patnè ki nan lis anwo yo; tandiske si plan an pa gen etikèt "Fidelis" la, li pwobabman pa nan rezo a epi lopital ak founisè UVM Health Network pa aksepte li.

**UVM Health Advantage ouvè pou manm pou rezidan sèten konte nan New York. Tout lopital ak founisè UVM Health Network aksepte plan yo.

Rezo Sante UVM ap toujou bay swen ijans pou nenpòt moun kèlkeswa pwoteksyon asirans lan. Pasyan yo ka peye pou tèt yo davans oswa pandan randevou swen sante yo. Si ou bezwen asistans finansyè pou peye bòdwo ou a, ou ka kalifye pou Pwogram Asistans Sante nou an. Aprann plis nan uvmhealth.org/hap.

Pran swen pasyan nou yo se priorite nimewo en nou. Mèsi paske ou fè nou konfyans pou swen ou.

Sensèman,

Kelly Champney
Vice President, Managed Care Contracting
University of Vermont Health Network
Uvmhealth.org

N.B. Nou konprann ke chwazi asirans sante se yon desizyon enpòtan. Nou vize ba ou enfòmasyon pou ede ou konprann chwa ou yo.